
**नेनाक बाइबिल**

*प्रस्तुति*

# दास युसूफक परमेश्वर आदर करैत छथि।



*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: M. Maillot, Lazarus Alastair Paterson

*रूपान्तरित*: M. Maillot, Sarah S.

*अनुवाद*: Ashish Paul

*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org

©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.




हुनका पहिलका पोतीपर मालिक युसूफ कऽ गलत रिति सँ जेल में धऽ देने रहैथि। जेल में युसूफ आज्ञाकारी अऽ मदद करयबला बनि गेल रहैथि। युसूफक उपर जेलक अधिकारी विश्वास कएलाएथि आओर हुनका जेलक जिनगी कऽ सुधार करबाक लेल कहलिन, कारणै परमेश्वर तऽ युसूफक संगे रहैथि, आन लोकक लेल तऽ जेल बड़ कष्टदायक जगह होयत अछि।




राजाक रोटी पकायवला आओर खाना बनाबयवला जेले में रहैथि। अहाँ अतैक दुःखी किएक छी युसूफ एक दिन हुनका सँ पूछलखिंन्ह। हमरा सभक सपनाक विषय में केओ नहि बता सकैत छथि,
दुःखी मनुख हुनका उत्तर देलिन।
3
युसूफ कहलिन ' परमेश्वर कऽ सकैत छथि! ''हमरा अपन सपनाक विषय में बतइओ''
4
अहाँक सपनाक अर्थ अछि अहाँ तीन दिनक अन्दर में फिरौन राजाक पक्ष में चलि जाएब ''युसूफ मनसियाक कहलिन।'' हमरा स्मरण करब अऽ फिरौन सँ कहबिन जे अहाँक मुक्त कऽ दैथि''। रोटी बनावयवलाक सपना एकटा दुःखद समाद बनि गेल। युसूफ कहलिन अहाँ तीन दिनक अन्दर में मरि जाएब। ई दुनो सपना शत् साबित भऽ गेल।
5
मुदा मनसिया युसूफक विषय में बिसरा गेलिन जबतक कि एक रोज फिरौन हुनका दुःख नहि देलिन। ''हम एकटा सपना देखने छलहुँ'' ओ चिकरलाह।
हुनक कोनो बुधियार लोक हुनक सपनाक अर्थक नहि बता सकलिन। तहन मनसियाक युसूफ कऽ याद कएलिन जे जेल में रहैथि। ओ फिरौन कऽ हुनका विषय में बतौलिन।
6
फिरौन तुरंत युसूफक बुलाबा भेजलिन। अहाँक सपना परमेश्वरक दिस सँ एकटा समाद अछि एहि बातक युसूफ राजा सँ कहलिन। ''मिश्र में सात बरखक लेल खुब उपजा होयत अऽ तकरा बाद सात बरखक लेल भयानक आकाल पड़त।
7
युसूफ फिरौनक सलाह देलिन, अब सात बरखक लेल अनाज जमा करबाक हेतु एकटा योजना बनाऊ ''अऽ नहि तऽ अहाँक लोक अकाल में मरि जाएत'', 'परमेश्वर अहाँक संग में छथि'' फिरौन एहि बातक घोषणा कऽ देलिन जे अब सब बातक उपर अहाँ अधिकार करू हमरा बाद अब आँही होएब। ठीक हमरा बाद दोसर स्थान पऽ
8


सात बरखक उपजाक काल आएब गेल। अऽ तकराबाद सात
बरखक लेल महा अकालक काल भेल। मिश्रक छोड़ि कऽ
सभठाम अनाजक अभाव भऽ गेलैक किएक तऽ मिश्री सभ
बड़ बुधियारी सँ अनाजक पैघ भंडारक जौर कएने रहैथि।
बहुत दूर युसूफक देश याकूबक परिवार में
अनाजक अभाव भऽ गेलैक।
9


अनाज किनबाक लेल दुनियाक हर देशक लोक मिश्र गेलाह।
“आहुँ भी जरूर जाऊँ”। याकूब अपन बेटा सभक ई आज्ञा
देलिन, ‘अऽ नहि तऽ हमरा सभ भूखे मरि जाएब”
मिश्र पहुँच कऽ अनाज
किनबाक योजना
हुनक बेटा
सभ बनौलिन।
10



मिश्री राजक अधिकारीक सन्मुख में याकूबक
पुत सभ नतमस्तक भऽ गेलाह। ओ सभ
अपन भाई युसूफक नहि चिंन्हलखिंन्ह। मुदा
युसूफ हुनका सभक जानि गेलिन। युसुफ
अपन धियापुताक कालक सपना कऽ याद
कएलिन। परमेश्वर हुनका अपन भाई
सभ सँ पैघ कऽ देलखिंन्ह।
11



युसूफ बड़ बुधियार रहैथि। ओ आदेश देलिन,
अनाजक लऽ जल्दी अपन घर जाऊँ अऽ अपन
सभ सँ छोटका भाई कऽ संगे लऽ
कऽ आऊँ। तहने हम बूझब जे
अहाँ सभ जासूस नहि थिकहुँ।
12



हुनक भाई सभ मन में ई सोचअ लागलखिंन्ह
जे परमेश्वर हुनका सभक दण्ड दऽ रहल छथि
किएक तऽ ओ सभ युसूफक
बहुत बरख पहिने दासक
रूप में बेच देने रहैथि।
13



याकूब आओर हुनक पुत सभ अशंका में रहैथि। हमर टका
अनाजक साथे घूरा देबल गेल। आओर शासक कहलिन
बिनियामिनक जरूरे संगे लऽ कऽ आएब“।
याकूब बेनियामिनक नहि जाए देबअ
चाहैत रहैथि। मुदा तुरन्ते अनाज खतम
भऽ गेलैक। भाई सभ कऽ पुनः मिश्र जाए
पड़लिन। अऽ बेनजामिन
भी हुनका सभक संगे
गेलाह।
14



जहन युसूफ बेनियामिनक देखलिन ओ अपन सेवक सभ सँ एकटा पैघ भोजक उपाय करबाक लेल कहलिन भाई सभ कऽ हकार देबल गेलिन। युसूफ पूछारी कएलिन कि अहाँक पिताजी जीवित अऽ निक छथि ? शायद ओ अपन पूरा परिवारक एहिठाम एक संगे आनबाक विषय में विचार कऽ रहल छलाह।
15


युसूफ एहि बातक जानअ चाहैत रहैथि जे कि हुनक भाई सभ ओहि बातक लेल पछता रहल छथि जे पाप ओ सभ बहुत बरख पहिने कएने रहैथि। भोजक बाद ओ हुनका सभक चोरी करबाक लेल दोषी साबित कऽ देलिन। अहाँ सभक दण्ड देबाक लेल हम बेनियामिनक दासक रूप में अपना एहिठाम राखब। यौ सरकार एकरा बदला में अहाँ हमर जिनगी लऽ लिअ“ यहूदा इ याचना कएलिन। युसूफ बूझि गेलाह यहूदा जे हुनका बेचबाक सलाह देने रहैथि ओ शत् में अब बदिल गेल छथि।
16


अब आओर बेसी देरी हुनका सँ परिवारक प्रेम सँ अलग रहनाई नहि सोहाबअ लागलिन,
युसूफ समस्त मिश्री सभक ओहिठाम सँ जाएबाक आज्ञा देलिन। अऽ तकरा बाद ओ
काननाई शुरू कऽ देलिन।
17


“हम अहाँक भाई युसूफ थिकहुँ, जिनका अहाँ सभ मिश्रीक हाथे बेच देनअ छलहुँ। आश्चर्य में पड़ि कऽ अऽ डेरा कऽ ओ सभ किछु नहि बएजलाह।
18


युसूफ अपन भाई सभक उत्साहित कएलिन, अऽ कहलिन परमेश्वर हमरा एहिठाम मिश्र में पैघ अधिकारी बनौने छथि, हम एहि अकालक काल में अहाँ सभक जिनगीक बचा सकैत छी। जाऊँ आओर हमर पिताक लऽ आनियों। हम अहाँ सभक देखभाल करब।
19


याकूब आओर युसूफ पुनः एक बेर मिश्र में एक भऽ गेलाह आओर सम्पूर्ण परिवार आनन्द में ओतो रहअ लागलखिंन्ह।
20

# दास युसूफक परमेश्वर आदर करैत छथि।


*परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल*

*अहाँक द्व*

उतपत्ति 39-45

***ऋ्का क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता*** **119:130**






8

60



*इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य*
*जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के*
*बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।*

*परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल¨कनिक नीक काम वा खराब काम कयने*
*छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह¨यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह¨इत अछि। लेकिन*
*ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहिं जन्मभुमि पर पठौने*
*छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुली (फाँसी) पर चढाअ¨ल जाए। आऔर*
*हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आऔर अ¨ फेर द¨सर जन्म र्स्वग सि ारि*
*गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्धा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका*
*सऽ प्रार्थना करु मा याचना करु तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन*
*रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।*

*अपने ल¨कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।*

*प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्धा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर*
*छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि*
*फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त*
*कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जाहिंमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब*
*वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा*
*सब पर दया करु कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आऔर अपने सन्तान बनि*
*कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।*

*ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ*
*बातचीत करैत रहु।* यहुन्ना 3:16